Маршо Радио

КЕРЛАНАШ

# "Новая газетан" куьйгалхочо Талламан комитете а, Инарла прокуратуре а латкъам бина Кадыровн тIамах къамелаш бахьана долуш

Товбеца-бутт 10, 2026



Кадыров Рамзан а, Путин Владимир а

"Новая газета" кхоьллинчех цхьаммо, Нобелан совгIатан лауреат волчу Муратов Дмитрийс арз чуделла, Нохчийчоьнан куьйгалхочо Кадыров Рамзана а, Оьрсийчоьнан Кхерамзаллин Кхеташонан куьйгалхочун гIовс волчу Медведев Дмитрийс а, кхечу хьаькамаша а Украинана дуьхьал тIом боьдучу хенахь зарратан тохар дан деза аьлла, дина дIахьедарш таллар доьхуш.

Цу латкъаман йуьззина текст зорбане йаьккхина газетан сайта тIехь. Къаьсттина Муратовс латкъам бина 2022-чу шарахь гIадужу-беттан 1-чу дийнахь Кадыровс

дозанца йолчу кIошташкахь тIеман раж кхайкхор а, кIезиг ницкъ болу зарратан герз лелор а хьоьхуш, динчу къамелашна.

Муратов Дмитрийс бахарехь, Кадыровн дешнашкахь массарна дIахазош шога тIом болор хьоьху, ткъа цу дIахьедарца зуламан билгало йу.

Нохчийчоьнан куьйгалхочо шен телеграм-каналехь зорбане даьккхира и дIахьедар, Йуккъерчу тIеман гонан буьйранчин инарла-полковникан Лапин Александран леларна критика йарца цхьаьна. Бутт баьлча цул тIаьхьа Лапин дехьаваьккхира Оьрсийчоьнан лаьттан эскарийн коьрта буьйранчин хьалхара гIовсан дарже; хIинца Ленинградан тIеман гонашкарчу эскаран куьйгалла деш ву иза.

Амма Кадыровс дуьххьара зарратан герзаца кхерамаш тийсира 2022-чу шеран охан-баттахь. ХIетахь шен телеграм-каналехь цо йовзийтира тIом муха бан беза хьоьхуш шен план: "Сайга хаьттича, ас цкъа хьалха Луганск, Донецк цIанйийр йара, тIаккха кхин дIа болх бийр бара. ДIахьедийр дара, цхьа йолахо Украинехь хилахь, тактикан зарратан тохар билгалчу меттигашкахь дан деза, цаьрга забарш ца йайта".

- Гезгамашин-баттахь хир болчу рогIерчу Нохчийчоьнан куьйгалхочун харжамашкахь дакъалаца "ца ваьллачу денна" шен кандидатура хьалхатеттина Кадыров Рамзана. «Цхьааллин Оьрсийчоь» партин конференци дIайаьллачул тIаьхьа политико дIахьедира цунах лаьцна, цигахь массо а реза а волуш, къобалвира иза. Амма Кадыровс цу регионан куьйгалла дечу 19 шарахь дуьххьара Пачхьалкхан Думан харжамашкахь Iедалехь йолчу партин тептарехь хьалхарчу меттехь ца хилира иза. Вацара иза ишта Москвахь харжамел а хьалха хиллачу съездехь а. Тхан редакцино хаьттира говзанчашка, хIун маьIна долуш гойту цо мехкан урхалхочун хьал, мехкан Iедалехь хийцамаш хила тарлуш дуй а.

Керланаш

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю